

Nyerat Aksara Jawi

Afendy Widayat*

Senaosa dereng patos cetha, miturut Atmojo (1994: 10) aksara Jawi, menika sampun kaginakaken wiwit taun 1500-an. Ewa semanten ngengingi pathokan nyerat mawi aksara Jawi menika nembe wiwit kadhapuk nalika tahun 1926, dening Parepatan Koemisi Kasoesastran ing Sriwedari, Surakarta, inggih menika ingkang kasebat *Wewaton Panjeratipoen Temboeng Djawi mawi Sastra Djawi dalasan Angka*. Sesarengan kaliyan panyeratipun aksara Jawi menika ugi kadhapuk *Pathokan Bab Panoelise Basa Jawa nganggo Sastra Latin*. Komisi wau kadhapuk awit anglajengaken saresehan basa Jawi ingkang kawontenaken dening Paheman Radyapustaka sesarengan kaliyan Pamarentah Kasunanan Surakarta, Kasultanan Ngayogyakarta, Pura Mangkunegaran, Pura Pakualaman, dalah Kementerian O & E PGHB lan PGB tanggal 9 Desember 1922. Wewaton utawi pathokan asil saking Sriwedari kala wau lajeng asring kasebat “Ejaan Sriwedari” (Hutomo, 1997: 4)

Salajengipun ing taun 1946 wonten ing serat *Karti Basa* (kaca 245-258) wedalan Kementerian Pengadjaran, Pendidikan, dan Keboedajaan (Kementerian PP dan K) kawrat *Patokan Panoelise Temboeng Djawa nganggo Aksara Djawa sarta Angka*. Pathokan menika tembenipun, ing taun 1955, dipunterbitaken dening Tjabang Bagian Bahasa, Djawatan Kebudajaan, Kementerian PP dan K, kanthi irah-irahan *Tatanan Njerat Basa Djawi*. Ing terbitan menika, pathokan panyerating aksara Jawi, wosipun sami kaliyan pathokan saking Sriwedari ing nginggil wau.

Ing taun 1992-1993 Dinas Pendidikan dan Kebudayaan Propinsi DIY, ngrembag malih pathokan nyerat Jawi menika, ingkang salajengipun dipunwontenaken saresehan rikala tanggal 17-18 Mei 1996. Naskah asil saking saresehan wau tundhanipun dipunkiyataken kanthi ‘kesepakatan tiga gubernur’ (DIY, Jateng lan Jatim), tanggal 22 Oktober 1996, ingkang lajeng kasebat *Pedoman Penulisan Aksara Jawa*. Inggih menika ingkang ngantos wekdal samangke taksih dipunginakaken.

* Makalah kangge Penataran Pelatihan Bahasa Jawa bagi Guru SD di Lingkungan Cababang Dinas Pendidikan Kecamatan Tepus Kabupaten Gunung Kidul 31 Juli 2003

Menawi Ejaan Sriwedari (1926) saha *Tatanan Njerat Basa Djawi* (1955), ingkang wosipun sami, katandhingaken kaliyan *Pedoman Penulisan Aksara Jawa* (1996), ketawis bilih ingkang pungkasan menika ingkang langkung prasaja saha praktis. Liripun *Pedoman Penulisan Aksara Jawa* (1996) mila ancasipun nggampilaken nyerat aksara Jawi utawi nggampilaken anggenipun maos. Upaminipun tembung-tembung ingkang lingganipun suwau ngajeng (1926 lan 1955) kasetrat mawi taling tarung (), samangke kaserat nglegena kemawon.

Tuladhanipun:

kandha	mboten kaserat	nanging
Jawa	mboten kaserat	nanging
Landa	mboten kaserat	nanging
lara	mboten kaserat	nanging
kuna	mboten kaserat	nanging
lima	mboten kaserat	nanging

Mliginipun bab menika, ingkang saged kangge pathokan inggih menika kanthi cara dipunwewahi panambang {-ne} utawi {-ake}. Menawi dipun wewahi panambang (-ne) utawi (-ake) menika suwantenipun vokal ingkang wonten ing lingganipun ewah dados / a/ kados dene suwantenipun rikala maos tembung ‘macan’, menika cetha kedah dipunserat nglegena. Wondene menawi dipunwewahi panambang {-ne} utawi {-ake}, vokal ing lingganipun tetep kawaos /o/ utawi /O/ kados dene menawi maos tembung ‘coro’ utawi ‘dawa’, lah tembung menika ingkang tetep kaserat mawi seratan jawi taling-tarung.

Tuladhanipun:

coro	mboten kaserat	nanging kaserat
jago	mboten kaserat	nanging kaserat
ngaso	mboten kaserat	nanging kaserat
kados	mboten kaserat	nanging kaserat
pados	mboten kaserat	nanging kaserat
kagol	mboten kaserat	nanging kaserat

Pasangan-pasangan ingkang dipun rumiyini aksara nasal utawi sengau utawi anuswara ingkang suwau ngajeng kedah kaserat kanthi aksara nasal ingkang *homorgan* (peranganing piranti pangucapipun sami) , samangke lajeng angsal kaserat kanthi prasaja kados menawi nyerat aksara Latin, mliginipun aksara “nya” dados “na”. Upaminipun ca (.....) ingkang dipunrumiyini anuswara, sekawit mila kedah kaserat mawi anuswara “nya”, amargi *homorgan*. Lah samangke saget kaserat mawi “na” ().

Tuladhanipun:

pancing	mboten kaserat	nanging kaserat
manca	mboten kaserat	nanging kaserat
kanca	mboten kaserat	nanging kaserat
manja	mboten kaserat	nanging kaserat
tanja	mboten kaserat	nanging kaserat

Dwipurwa salin swara ingkang sekawit kedah dipunserat aksara dwipurwanipun sami, samangke saget kaserat dwipurwa salin swara, kados dene menawi nyerat ing aksara Latin.

Tuladhanipun:

tetuku	mboten kaserat	nanging kaserat
tetamba	mboten kaserat	nanging kaserat
pepayon	mboten kaserat	nanging kaserat
gegampang	mboten kaserat	nanging kaserat
dedalan	mboten kaserat	nanging kaserat

Kejawi saking menika, *Pedoman Penulisan Aksara Jawa* (1996) ugi ngewrat pathokan panyeratipun wacahan (singkatan) biasa dalah singkatan akronim. Singkatan ingkang ing aksara Latinipun ngginakaken aksara kapital (huruf besar), saged kaserat mawi aksara Jawi nglegena, menawi wonten aksara murdanipun saged ngangge aksara murda, menawi mboten wonten, cekap ngangge aksara nglegena

wantah. Ing sawingkingipun saben aksara wau dipun wewahi pada lingga.
Tuladhanipun :

R.D.S. Hadi Wijana	kaserat
Wahyana, S.H.	kaserat
DPR	kaserat
SDM	kaserat
SIM	kaserat

Wondene panyeratipun tembung wacahan ingkang awujud akronim, inggih menika singkatan ingkang saged kawaos kados dene wujud tembung ingkang amargi ing saben sukunipun wonten vokalipun, seratan Jawinipun kaserat kados seratan Latinipun. Tuladhanipun:

Batan	kaserat
Korpri	kaserat
Humas	kaserat
Golkar	kaserat
golput	kaserat

Ing Pedoman Penulisan Aksara Jawa 1996, ugi kawrat pathokan ngengingi panyeratipun tembung-tembung ingkang kapendhet saking tembung manca (kata serapan). Tuladhanipun:

maestro	kaserat
maizena	kaserat
aula	kaserat
stereo	kaserat
pasien	kaserat
kuitansi	kaserat
transmigrasi	kaserat

Senajan makaten, mliginipun ing bab tembung serapan menika taksih kathah tembung ingkang dereng kaphok tatanan panyeratipun, kados dene tembung ‘kompleks’, ‘ekskalator’, tuwin tembung ‘trasport’.

Mliginipun tembung-tembung ingkang ing aksara Latinipun kaserat mawi konsonan- gabungan ‘sy’ ingkang ugi dereng kaphok panyeratipun wonten Pedoman Penulisan Aksara Jawa 1996, Miturut Slamet Riyadi (2002: 7), saget kaserat kados tuladha ing tembung ‘masyarakat’ ingkang saget kaserat

utawi	Semanten ugi ‘intern’ saget kaserat
utawi	Lajeng tembung ‘encik’ saget kaserat
utawi	

Saking conto-conto ing nginggil menika wau lajeng cetha bilih seratan aksara Jawi wekdal samangke sampun kacundhukaken kaliyan seratan Latinipun, inggih menika saking EYD basa Jawi. Mila menawi rumiyin panyeratipun ‘sisih kulon dalam becak’ saget kawaos ‘sisihku landa lan becak’, ing wekdal samangke mboten malih. Semanten ugi seratan ‘pengin sesuci namung sekedhik toyanipun’, kala semanten saget dipunwaos ‘pengin susu cina mung sekedhik toyanipun’, samangke nggih mboten saget kawaos ngaten. Ewa semanten panyeratipun ‘kacang lanjaran’ samangke malah saget kawaos ‘kacang lan jaran’. Mliginipun ing bab menika cetha bilih pamaosipun kedah dipuncundhukaken kaliyan konteks waosan saderengipun lan sasampunipun.

Ngantos dumugi samangke bab panyeratipun seratan Jawi menika taksih kathah pakar utawi pametri kabudayan Jawi ingkang nggalihaken kados pundi amrih saenipun. Liripun seratan Jawi sampun ngantos dipuntilar babar blas dening masyarakat Jawi piyambak. Mila kathah usulan-usulan ingkang sipatipun mersudi amrih panyeratipun dalah pamaosipun menika gampang saha praktis. Malah nate wonten ingkang gadhah pamanggih bilih seratan Jawi menika mesthinipun dipunpisah ing saben tembungipun kados menawi nyerat Latin. Ing bab menika, wonten ingkang nggadhahi pamanggih, menawi dipunpisah ing saben saktembung, badhe kathah seratan pangkonipun. Mangka wonten ingkang ngendikakaken bilih filosofinipun,

“tiyang jawi menika menawi dipunpangku pejah” menika ugi saking seratan Jawi kala wau. Bab menika lajeng ndadosaken penggalihan, menawi kathah pangkonipun menapa mboten badhe nuwuhaken filosofi “tiyang Jawi menika kathah pepejahanipun”. Wosipun, ngantos dumugi sepriki mila seratan Jawi taksih kedah dipun upayakaken kados pundi amrih saenipun amrih saged lestantun. Kantun sumangga kita sedaya ingkang rumaos tiyang Jawi saha pamersudi kabudayan Jawi.

Nywun pangapunten saha matur nuwun.

Pustaka:

- Atmodjo, M.M. Sukarto, 1994, “Perkembangan Paleografi Aksara Jawa”, Makalah, YogyakartaBalai Kajian Sejarah dan Nilai Tradisional dengan Javanologi Panunggalan.
- Darusuprpto, 1996, *Pedoman Penulisan Aksara Jawa*, Yogyakarta: Yayasan Pustaka Nusantara
- Hutomo, Suripan Sadi, 1997, *Sosiologi Sastra Jawa*, Jakarta: Balai Pustaka
- Riyadi, Slamet, 2002, “Reaktualisasi dan Revitalisasi Aksara dan Makna Ha-Na-Ca-Ra-Ka- sebagai Sarana Memperkukuh Jatidiri Bangsa”, Makalah, Yogyakarta: Temu Ilmiah XI BKS